Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (64 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (64 KB)

# EKONOMIKANÍŃ BAZALÍQ TARMAQLARÍNDAǴÍ JOYBARLAW JUMÍSLARÍN HÁM INJENER-JOYBARLAWShÍLARDÍ TAYaRLAW SISTEMASÍN BUNNAN BÍLAY DA JETILISTIRIW ILAJLARÍ HAQQÍNDA

Respublika ekonomikasınıń bazalıq tarmaqlarındaǵı joybarlaw jumıslarınıń jaǵdayı qánigelestirilgen joybarlaw institutlarında maman injener-joybarlawshılardıń jetispewshiliginen, bul tarawda jumıslardı shólkemlestiriw zamanagóy innovaciyalıq usıllardıń engiziliwi zárúr dárejede emesliginen hám sonıń aqıbetinde islep shıǵarılıp atırǵan joybarlaw hújjetleri sapasınıń tómen ekenliginen dárek bermekte.

Nátiyjede investiciyalıq joybarlardı ámelge asırıwda shet el injiniring kompaniyalarınıń qatnasıwına kúshli zárúrlik júzege keldi, bul bolsa kórsetiletuǵın xızmetlerge haqı tólew ushın úlken muǵdarda valyuta qarjılarınıń jumsalıwına sebep bolmaqta.

Kadrlar tayarlawdıń ámeldegi sisteması qánigelestirilgen joqarı bilimlendiriw mákemeleriniń pitkeriwshilerin joybarlaw institutları hám injiniring shólkemleriniń belsendi óndirislik jumısına tez tartıw imkaniyatın bermey atır. Jas qánigeler texnologiyalıq sistemalardı joybarlaw, konstruktorlıq hújjetlerdi tayarlaw hám joybarlardı basqarıwdıń dáslepki kónlikpelerine iye emes.

Ekonomikanıń bazalıq tarmaqlarında investiciyalıq hám infrastrukturalıq joybarlar boyınsha joybaraldı hám joybarlaw hújjetlerin islep shıǵıw baǵdarında tiykarǵı jumıstı bólip alıp islewshi esaplanatuǵın Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti janındaǵı «ÓzInjiniring» Respublikalıq joybarlaw institutı (keyingi orınlarda «ÓzInjiniring» Respublikalıq joybarlaw institutı dep ataladı) xızmetkerleri sanınıń sheklengenligi jumıslardı shólkemlestiriwdiń zamanagóy innovaciyalıq usılların nátiyjeli engiziw hám injener-joybarlawshılardı tayarlaw sistemasın jetilistiriw imkaniyatın bermeydi.

Joybarlaw jumıslarınıń sapasın hám olardı jergiliklilestiriw dárejesin arttırıw, usı tarawda joqarı maman kadrlardı tayarlaw, sonday-aq, «ÓzInjiniring» Respublikalıq joybarlaw institutınıń jumısın bunnan bılay da jetilistiriw maqsetinde:

Ekonomikanıń bazalıq tarmaqlarındaǵı joybarlaw jumısların bunnan bılay da rawajlandırıwdıń tiykarǵı baǵdarları etip tómendegiler belgilensin:
joybarlaw hám joybardı basqarıw salasında injener kadrlardı tayarlaw sistemasın jetilistiriw, shet el bilimlendiriw mákemelerinen hám injiniring kompaniyalarınan jetekshi qánigelerdi hám injener-joybarlawshılardı oqıw procesine keńnen tartıw;

Islam Kárimov atındaǵı Tashkent mámleketlik texnika universiteti, Tashkent qalasındaǵı Inxa universiteti, Tashkent ximiya-texnologiya institutı, Tashkent arxitektura-qurılıs institutı, Nawayı mámleketlik kánshilik institutı (keyingi orınlarda – qánigelestirilgen joqarı bilimlendiriw mákemeleri) studentleri ekonomikanıń bazalıq tarmaqlarındaǵı kárxanalarda hám joybarlaw institutlarında (keyingi orınlarda – joybarlaw institutları) májbúriy stajirovkadan ótiw ámeliyatın engiziw, sonday-aq, olarda ámeliy sabaqlar ótkeriw;

Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıw mámleketlik baǵdarlamaları sheńberindegi joybarlardı ámelge asırıwda joybarlaw jumısların jergiliklilestiriw dárejesin arttırıw hám shet el injiniring kompaniyaları xızmetleriniń ornın basqıshpa-basqısh iyelew;

elimizdegi injener – joybarlawshılardı hám basqa da qánigelerdi joybarlawdıń zamanagóy standartlarına ámeliy úyretiw maqsetinde ekonomikanıń bazalıq tarmaqlarındaǵı obektlerde kontraktler boyınsha joybarlaw jumısların ámelge asırıp atırǵan shet el injiniring kompaniyaları tárepinen joybarlaw institutlarında joybarlaw toparları shólkemlestiriliwin ámeliyatqa engiziw;

joybarlaw jumısların sapalı orınlaw ushın joybarlaw institutların zárúr zamanagóy shólkemlestiriwshilik texnika hám ásbap-úskeneler, shet eldiń ilimiy-texnikalıq ádebiyatları, dúnyadaǵı qánigelestirilgen baspalardıń ónimleri, sonday-aq, aldıńǵı baǵdarlamalıq ónimler menen támiyinlew.

«ÓzInjiniring» Respublikalıq joybarlaw institutı ekonomikanıń bazalıq tarmaqlarında joybarlaw jumısların rawajlandırıwdıń tiykarǵı baǵdarların belgileytuǵını, sonday-aq, qánigelestirilgen joqarı bilimlendiriw mákemeleri, ekonomikanıń bazalıq tarmaqlarınıń kárxanaları hám joybarlaw institutları arasında joqarı maman injener-joybarlawshılardı tayarlaw máseleleri boyınsha birge islesiwshi uyım esaplanatuǵını belgilensin.
Ózbekstan Respublikası Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi joqarı, sonıń ishinde, shet el bilimlendiriw mákemeleriniń joybarlawǵa baylanıslı ámeldegi oqıw baǵdarlamaların úyreniw tiykarında:
2018/2019 oqıw jılı dawamında joqarı bilimlendiriw mákemeleriniń ekonomikanıń bazalıq tarmaqlarınıń obektlerin joybarlaw salasındaǵı jańa qánigelik talapların, oqıw rejelerin hám baǵdarlamaların hár tárepleme talqılasın hám olardıń ústinen monitoring ótkersin, sonday-aq, olardı bunnan bılay da jetilistiriw boyınsha ilajlar kórsin;

qánigelestirilgen joqarı bilimlendiriw mákemeleriniń oqıw rejelerine hám baǵdarlamalarına, sonıń ishinde, usı qarardıń 1-bántiniń úshinshi xatbasında belgilengen talaplardı esapqa alǵan alǵan halda joybarlawdı basqarıw hám joybarlaw tiykarları boyınsha sabaqlardı kirgizsin;

qánigelestirilgen joqarı bilimlendiriw mákemelerin joybarlawdı basqarıw hám joybarlaw tiykarları boyınsha jańa áwlad oqıw ádebiyatları menen támiyinlewge baylanıslı, usı mákemelerdiń studentleri ushın avtorlıq shınıǵıwlar hám master-klasslar ótkeriw ushın shet el izertlew, bilimlendiriw mákemelerinen hám injiniring kompaniyalarınan jetik qánigelerdi jáne injener-joybarlawshılardı tartıwǵa baylanıslı ámeliy ilajlar rejesiniń ámelge asırılıwın támiyinlesin;

«ÓzInjiniring» Respublikalıq joybarlaw institutına hám joybarlaw insitutlarına qánigelestirilgen joqarı bilimlendiriw mákemeleri pitkeriwshileri arasınan talantlı injener-joybarlawshılardı tańlap alıwda turaqlı túrde ámeliy járdem bersin.

Ekonomikanıń bazalıq tarmaqlarınıń kárxanaları – investiciyalıq hám infrastrukturaǵa tiyisli joybarlar buyırtpashılarına shet el injiniring kompaniyaları hám jumıstı bólip alıp islewshiler menen dúzilgen shártnamalarǵa joybarlaw institutlarında usı qarardıń 1-bánti besinshi xatbasında belgilengen joybarlaw toparların dúziw boyınsha shártlerdi kirgiziw usınıs etilsin.

Joybarlaw toparları óz jumısın Ózbekstan Respublikasındaǵı rezident emes turaqlı mákeme statusısız ámelge asıratuǵının belgilensin.

Joybarlaw institutlarına tómendegiler ruqsat etilsin:
shet eldiń joqarı maman qánigelerin tikkeley puqaralıq-huqıqıy shártnamalar tiykarında joybarlaw jumısların orınlawǵa tartıw hám olarǵa xalıqaralıq ámeliyatta qabıl etilgen bahalarǵa hám muǵdarlarǵa muwapıq haqı belgilew;

shet el shólkemleri hám qánigeleri menen isleskende hár bir texnikalıq hám kommerciyalıq hújjetler jáne málimlemeden birgelikte paydalanıw, oǵan mámleketlik sırlardan hám nızam menen qorǵalatuǵın basqa da sırdan ibarat maǵlıwmatlar kirmeydi.

Ózbekstan Respublikası Investiciyalar boyınsha mámleketlik komiteti xalıqaralıq hám shet el qarjı institutlarınıń:
«ÓzInjiniring» Respublikalıq joybarlaw institutı hám basqa da joybarlaw institutlarınıń injener-joybarlawshıların, sonday-aq, qánigelestirilgen joqarı oqıw orınlarınıń professor-oqıtıwshıları quramın joybarlawdı basqarıw hám joybarlastırıwdıń zamanagóy usıllarına oqıtıw, olardıń jetekshi shet el joqarı oqıw orınlarında, joybarlaw institutlarında, ónidirislik hám injiniring kompaniyalarında tájiriybe arttırıwın hám mamanlıǵın jetilistiriwin shólkemlestiriwge;

Joybarlaw jumısların sapalı orınlaw ushın joybarlaw institutların zárúr zamanagóy shólkemlestiriwshilik texnika hám ásbap-úskeneler, shet eldiń ilimiy-texnikalıq ádebiyatları, dúnyadaǵı qánigelestirilgen baspalardıń ónimleri, sonday-aq, aldıńǵı baǵdarlamalıq ónimler menen támiyinlewge baǵdarlanǵan grantların turaqlı tiykarda tartsın.

«ÓzInjiniring» Respublikalıq joybarlaw institutı Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń Investiciyalar, innovaciyalıq rawajlandırıw, erkin ekonomikalıq hám kishi sanaat zonalarınıń jumısın muwapıqlastırıw, turizm máseleleri kompleksi quramına kiretuǵının belgilensin.
«ÓzInjiniring» Respublikalıq joybarlaw institutı basqarması, óndirislik hám texnikalıq xızmetkerleriniń sanı 300 birlikten ibarat jańalanǵan strukturası 1-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.
«ÓzInjiniring» Respublikalıq joybarlaw institutı direktorına:

Institut shtat kestesin erkin túrde tastıyıqlaw hám oǵan xızmetkerlerdiń belgilengen ulıwma sanı sheńberinde ózgerisler kirgiziw;

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń Investiciyalar, innovaciyalıq rawajlandırıw, erkin ekonomikalıq hám kishi sanaat zonalarınıń jumısın muwapıqlastırıw, turizm máseleleri kompleksi basshısı menen kelisip, zárúr jaǵdaylarda Institut xızmetkerleriniń sanına hám strukturasına ózgeris kirgiziw huqıqı berilsin.

Sırtqı isler ministrligi Ózbekstan Respublikası Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi, qánigelestirilgen joqarı oqıw orınları, joybarlaw institutları hám investiciyalıq joybarlar buyırtpashılarınıń buyırtpasına tiykarlanıp ornatılǵan tártipte jetekshi shet el joqarı bilimlendiriw mákemeleriniń professor-oqıtıwshıları quramı hám qánigelerine, sonıń ishinde, olardıń shańaraq aǵzalarına kiriw vizaların konsullıq jıyımlardı almay rásmiylestiriwdi támiyinlesin, mirát etilip atırǵan tárep tóleytuǵın ámeliy qárejetlerdi qaplawǵa tiyisli jıyımlar buǵan kirmeydi.
Ishki isler ministrligi Ózbekstan Respublikası Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi, qánigelestirilgen joqarı bilimlendiriw mákemeleri, joybarlaw institutları hám investiciyalıq joybarlar buyırtpashılarınıń buyırtpalarına tiykarlanıp jetekshi shet el joqarı bilimlendiriw mákemeleriniń professor-oqıtıwshıları quramı hám injiniring kompaniyaları qánigelerine, sonıń ishinde, olardıń shańaraq aǵzalarına mámleketlik bajılardı óndirmey ornatılǵan tártipte kóp mártelik vizalar beriwdi hám múddetin sozıwdı, sonday-aq, waqtınsha jasaw ornı boyınsha waqtınsha dizimnen ótiwdi támiyinlesin.
Bántlik hám miynet qatnasıqları ministrligi Ózbekstan Respublikası Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi, qánigelestirilgen joqarı bilimlendiriw mákemeleri, joybarlaw institutları hám investiciyalıq joybarlar buyırtpashılarına respublikaǵa joqarı maman shet el qánigelerin tartıwǵa ruqsatnamalar beriwdi (sozıwdı), sonday-aq, olardıń Ózbekstan Respublikası aymaǵında miynet etiw menen shuǵıllanıw huqıqın tastıyıqlaytuǵın hújjetler beriliwin támiyinlesin.
«ÓzInjiniring» Respublikalıq joybarlaw institutı:
Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń Investiciyalar, innovaciyalıq rawajlandırıw, erkin ekonomikalıq hám kishi sanaat zonalarınıń jumısın muwapıqlastırıw, turizm máseleleri kompleksi basshısı menen kelisken halda «ÓzInjiniring» Respublikalıq joybarlaw institutınıń jańalanǵan rejesin bir ay múddette tastıyıqlasın;

qánigelestirilgen joqarı bilimlendiriw mákemeleri menen birgelikte úsh ay múddette magistraturanıń talantlı studentlerin xoshametlew hám motivaciyalaw, olardı «ÓzInjiniring» Respublikalıq joybarlaw institutı hám basqa da joybarlaw institutlarına jumısqa qabıl etiw baǵdarlamasın tastıyıqlasın.

13. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń ayırım hújjetlerine 2-qosımshaǵa muwapıq ózgerisler hám qosımshalar kirgizilsin.
14. Usı qarardıń orınlanıwın qadaǵalaw Ózbekstan Respublikası Bas ministriniń orınbasarı S.R.Xolmurodovqa hám Ózbekstan Respublikası Prezidenti janındaǵı Joybarlaw basqarması milliy agentliginiń direktorı Sh.M.Sadiqovqa júklensin.
Ózbekstan Respublikası

Prezidenti SH.MIRZIYOEV

Tashkent qalası,

2018-jıl 22-fevral

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*

Izlew

- ⌂
- 品
- ✉

- Ministrler Ken'esi
- Statistikaliq ha'm analitikaliq ma'gliwmatlar
- Ministrlikler ha'm vedomstvolar
- Qala ha'm rayon ha'kimlikleri
- Hu'jjetler